**दिन– सोमवार** **दिनांक–12.05.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ सांझ आठ बजे देश के संबोधित करताह। भारत–पाकिस्तानक मध्य भेल संघर्ष विरामक बाद प्रधानमंत्रीक ई संबोधन देशक वास्ते महत्त्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। संभव अछि जे ऑपरेशन सिंदूर आ एकर बादक स्थितिक विषय मे प्रधानमंत्री देश के जनतब देताह। एहि सँ पूर्व आइ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी नव दिल्ली मे एक उच्च स्तरीय बैसार कयलनि। बैसार मे रक्षामंत्री राजनाथ सिंह, विदेश मंत्री एस. जयशंकर, राष्ट्रीय सुरक्षा सलाहकार अजित डोभाल, प्रमुख रक्षा अध्यक्ष अनिल चौहान, तीनू सेनाक प्रमुख आ आनो वरिष्ठ अधिकारी उपस्थित छलाह।

---

भारत कहलक अछि जे ओकर लड़ाई आतंकवादी आ ओकर सहयोगी ढांचा सँ अछि, ने कि पाकिस्तानी सेना सँ। ऑपरेशन सिंदूरक विषयक नव दिल्ली मे एक प्रेस वार्ता मे एयर ऑपरेशन महानिदेशक एयर मार्शल ए.के भारती कहलनि जे ई दुखद अछि जे पाकिस्तानी सेना हस्तक्षेप कऽ आतंकवादी सभक पक्ष लेलक, जाहि कारणे भारतीय सैन्य बल के कड़गर जवाब देबय पड़ल। ओ कहलनि जे भारतीय सैन्य बलक एकीकृत वायु रक्षा प्रणालीक ऑपरेशन सिंदूर मे बड्ड नीक प्रदर्शन कयलक। एयर मार्शल भारती कहलनि जे पछिला एक दशक मे भारत सरकार द्वारा अत्याधुनिक उपकरण आ हथियार प्रणाली प्राप्त करय मे बजटीय आ नीतिगत समर्थनक कारणे शक्तिशाली एयर डिफेंस वातावरण के राखब आ संचालित करब संभव भेल। सैन्य संचालन महानिदेशक लेफ्टिनेंट जनरल राजीव घई कहलनि जे पाकिस्तान लऽग भारतक हवाई रक्षा के भेदबाक कोनो अवसर नहिं छल। नौसेना संचालन महानिदेशक एडमिरल एएन प्रमोद कहलनि जे नौसेना एक समग्र नेटवर्क बलक रूप मे काज करैत अछि, जे सभ क्षेत्र मे उत्पन्न होबयवला खतरा सँ एक संग निपटय मे सक्षम अछि।

---

जम्मू कश्मीरक आरएसपुरा सेक्टर मे दस मई के पाकिस्तानक गोलीबारी मे शहीद बीएसएफक एएसआई मोहम्मद इम्तियाज अपन पैतृक गाम सारण जिलाक गरखा थाना क्षेत्र नारायणपुर मे सैन्य सम्मानक संग सुपुर्दे खाक भ गेलाह। एहि सँ पूर्व पटना हवाई अड्डा पर मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक दिस सँ मंत्री श्रवण कुमार, मंत्री नितिन नवीन, विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव, भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल समेत आनो गणमान्य लोक शहीद जवान के श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

———————————————————————

केन्द्रीय युवा मामिला आ खेल राज्य मंत्री रक्षा निखिल खडसे कहलनि अछि जे दू हजार सैंतालीस धरि भारत के विकसित बनाबय मे युवा लोकनिक महत्त्वपूर्ण भूमिका होयत। श्रीमति खडसे पटना मे मीडिया सँ गपशप मे कहलनि जे हुनक मंत्रालय युवा लोकनि के राष्ट्र निर्माणक लक्ष्य सँ जोड़बाक लेल माई भारत वालंटियर कार्यक्रम, पदयात्रा, युवा कनेक्ट आ माई भारत पोर्टल एहन कतेको कार्यक्रम के बढ़ावा दऽ रहल अछि।

———————————————————————

खेलों इंडिया यूथ गेम्स मे बिहार एखन धरि एक्कैस पदक जीत चुकल अछि। एहि मे तीन स्वर्ण, नओ रजत आ नओ कांस्य पदक सम्मिलित अछि। आइ तलवारबाजी मे बिहारक कुमार रवि रजत पदक जीतलनि। पदक तालिका मे राज्य पन्द्रहम स्थान पर अछि। ओम्हर, एकतीस स्वर्ण समेत बेरासी पदक के संग महाराष्ट्र पदक तालिका मे पहिल स्थान पर बनल अछि।

———————————————————————

विराट कोहली टेस्ट क्रिकेट सँ सन्यास लेबाक घोषणा कयलनि अछि। ओ सोशल मीडिया पर अपन सन्यास लेबाक संवाद के साझा कयलनि। विराट कोहली अपन चौदह वर्षक टेस्ट क्रिकेट जीवन मे छियालीस दशमलव आठ पाँच औसत सँ एक सय तेईस टेस्ट मैच मे नओ हजार दू सय तीस रन बनौलनि। विराट कोहली– सचिन तेंदुलकर, राहुल द्रविड़ आ सुनील गवास्करक बाद भारत लेल सभ सँ बेसी रन बनाबयवला चारिम खेलाड़ी छथि।

———————————————————————

आइ बुद्ध पूर्णिमा थिक। ई दिन भगवान बुद्धक जन्म, बोधगया मे हुनक ज्ञान प्राप्ति आ कुशीनगर मे महापरिनिर्वाण सँ जुड़ल अछि। भगवान बुद्धक जन्म पाँच सय तिरसठि ईसापूर्व मे नेपालक लुम्बिनी मे अजुके दिन यानि बैशाख पूर्णिमा के भेल छल। एहि अवसर पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार लोकसभ के अपन बधाई आ शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————————

संपूर्ण प्रदेश भीषण गर्मीक चपेट मे अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गोपालगंज, पूर्वी चंपारण, पश्चिमी चंपारण आ बांका जिला मे लू चलबाक स्थिति बनल अछि। एम्हर, विभाग आइ मधुबनी, सुपौल, औरंगाबाद आ रोहतास जिला मे एक दू स्थान पर आंशिक बरखा हेबाक पूर्वानुमान व्यक्त कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त भेल।